# МЕТАФОРАНЫҢ КӨРКЕМЛИК ТӘБИЯТЫ

**Отепбергенова Гөззал Өмирбаевна**
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты
Нөкис филиалы оқытыўшысы
https://doi.org/10.5281/zenodo.7601555

Таяныш сөзлер: троплар, метафора, поэтикалық метафора, лингвистикалық метафора, индивидуал-авторлық метафора, жеке стил метафора.

Таянч сўзлар: Троплар, метафора, поэтик метафора, лингвистик метафора, индивидуал – муаллиф метафора, индивидуал услуб метафора

Ключевые слова: Тропы, метафора, поэтическая метафора, языковая метафора, индивидуально-авторская метафора, индивидуально-стилевая метафора

Key words: Tropes, metaphor, poetic metaphor, linguistic metaphor, individual - author metaphor, individual style metaphor

Сөз зергери предметти, қубылысты ямаса ҳәдийсени сүўретлеў ушын сөз ҳәм сөз бирикпелерин өзиниң тийкарғы мәнисинен аўыспалы мәниде қолланса, бундай усылды илимде троплар деп атайды. «Троп грекше сөз болып, тийкарғы мәниси бурыў, көшириў, айландырыў, образ. Троп – сөз, сөз дизбеги ҳәм пикир түсинигин образлы, көширмели мәнисте пайдаланып поэтикалық айтыў усылы». [1:312] Троп өз ишинде метафора, метонимия, эпитет, теңеў, синекдоха, символ, аллегория ҳәм т.б. қамтыйды. Булардың ишинде өткир көркем образлыққа ийе түрлериниң бири метафора болып табылады.

Метафора тиллик қубылыс болса да, өзиниң көркемлик қәсийетлерин поэтикалық пикирлеў арқалы жүзеге асырады. Ол поэтикалық пикирлеўде көркем образ сыпатында қабыл етиледи. Метафора предметти қайта атап қоймай, оны басқа предметке салыстырады, ойымызда қайтадан аталып атырған нәрсе ҳаққында жанлы образ жасалады. Солай екен, метафораның поэзиядағы орны ҳәм әҳмийети жоқары екенлигин көриўге болады.

Немис философы Э.Кассирер миф, тил ҳәм көркем өнердиң генезисин рух пенен байланыстырады, олар бир-бирине тығыз байланыслы болған ҳәм сол себепли олардың әййемги дәреклери ҳәм қәлиплесиўин бир пүтинликте үйрениў лазым деп есаплайды. Соңғылығында инсанның руўхый дүньясында абстрактлық ойлаў, пикирлеў қәбилетиниң артып барыўы нәтийжесинде, олардың арасындағы тығыз байланыслылық алыслап кеткен. Сөз өзиниң образлы тәбиятын жоғалтып, нәрсе-ҳәдийселердиң абстрактлық атамасына айланған. Бирақ, алымның

пикирине көре, руҳдың бир тараўы бар, онда сөздиң образлылығы сақланып қалмастан, ол жаңаланып турады, бул – поэзия деп атайды. Себеби, поэзияның әййемги тамырлары миф пенен байланыслылығы сақланған ҳәм онда мифологиялық көзқарас қайта туўылады. Тек ғана поэзияда жасаўшы руҳ сөз ҳәм мифологиялық руҳты басқарады. Енди олар илаҳий яки иблислердиң мифологиялық дүньясын, ямаса абстрактлық түсиник яки мүнәсибетлериниң ойлаў ҳақыйқатлығын да сәўлелендирмейди. Керисинше, поэзия олардан ажыралып, көркем поэтикалық дүньяға айланады. Бул поэтикалық дүньяда руҳ еркин пәрўаз етеди, конкретлескен сап сезимлер өз көринисин табады. Көркем пикир ушын қолланылыўшы сөз поэзияда өзиниң жаңа эстетикалық дәўирин баслайды. [2:41-42] Э.Кассирердиң поэзияда дүньяға метафоралық нәзер қайта туўылады дегенинде де тийкар бар, өйткени, мифологиялық пикирлеў орнын ийелеген поэтикалық пикирлеў нәзерде туталады.

Рус алымы А.Потебня метафоралық – «тилдиң турақлы өзгешелиги» дегенинде ҳәр қандай сөзди образ деп таныўды атап өтеди. Алым образ ҳәм аңлатып атырған мәни басқа-басқа нәрселер екенлигин ескерте отырып, жаңадан пайда болған метафораны аңлайды ҳәм мифологиялық пикирлеўдиң жоғалып баратырғанын атап өтеди. [3:341] Мифологиялық пикирлеўдиң жоғалып барыўы менен метафораның пайда болыўы арасындағы байланыслылық бар екенлигин О.Фрейденбергде дыққат аўдарады. Ол буны мифке исенимниң жоғалыўы деп емес, образлы пикирлеўдеги структуралық өзгерислерге байланыслы деп түсиндиреди. [4:64-66]

Улыўма алғанда, мифологиялық пикирлеў орнын, метафоралық образлы пикирлеў ийелегени инсан сана-сезиминиң өсиўи менен байланыслы ҳәдийсеге айланып барды. Поэзияның метафораға бийимлилиги онда объектив дүнья – реал ҳақыйқатлық пенен субъектив дүнья – инсан шахсының дусласыўы, оларды арасындағы уқсаслықлар арқалы аңлаўға умтылыў метафораны талап етеди. Сонлықтан да, метафораның кең тарқалған тийкарғы көринислери жанландырыў яки предметлестириў тийкарында әмелге асады. Әсиресе, жанландырыў тийкарында метафораның әййемги екенлиги ҳәм оның тамырлары мифологиялық ойлаўдан нәр алатуғынынан дәрек береди. Демек, метафора мифологиялық ойлаў орнын ийелейди, поэзияда дүньяға мифологиялық нәзер қайта туўылады деген пикирди сол мәниде түсиниў керек.

Метафора - филологиялық (лингвистикалық ҳәм әдебияттаныў) илимлердиң изертлеў объектиндеги көркем сүўретлеў қуралларының бири. Соның менен бирге ол философия, логика, педагогика ҳәм психология илимлериниң де изертлеў объектине айланған. Метафораның теориялық анықламасы, классификациясы ҳәм көркемлик хызмети бойынша тил билими ҳәм әдебияттаныў илиминде бир қанша алымлар мийнет етип, бийбаҳа қунлы илимий мийраслар қалдырды.

**Әдебиятлар:**

1. Квятовский А . Поэтический словарь. – Москва: Советская энциклопедия, 1966. с.312.
2. Кассирер Э. Сила метафоры // Теория метафоры.Сборник, – Москва: Прогресс, 1990. -с 41-42. // https://www.rulit.me/author/ortega-i-gasset-hose/teoriya-metafory-sbornik-statej-download-292590.html
3. Потебня А.А. Эстетика и поэтика. – Москва: Искусство, 1976. – с.341.
4. Фрейденберг О. // Труды русских и советских поэтических школ. – Будапешт: 1982. -с.64-66.